



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE CUNY METE FEN FÒMÈLMAN NAN PRATIK POU KENBE RELVE NÒT ETIDYAN AK DIPLOME YO KI GEN BALANS KI PA PEYE YO

Fè swit ak plan Ajanda Eta Leta 2022 Gouvènè Hochul la pou sispansyon kenbe relve nòt nan tout kolèj ak inivèsite yo

Bidjè Ane Fiskal 2023 a gen ladan lejislasyon pou mete fen nan pratik pinitif pou koleksyon dèt nan tout enstitisyon edikasyon siperyè yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Konsèy Administrasyon City University of New York (CUNY) la te vote lendi pou mete fen definitivman nan yon règleman ki te entèdi kolèj CUNY yo pibliye relve nòt ofisyèl ak verifikasyon enskripsyon pou etidyan ak diplome yo ki te dwe inivèsite a balans ak frè lekòl ki pa peye. Aksyon an fè swit ak sispansyon CUNY fè sou règleman sa nan out 2021. Gouvènè Hochul te fè pwopozisyon an pou mete fen nan pratik sa a nan Ajanda [Eta Leta 2022](#) li a epi sa fè swivi ak yon [anons](#) ke Konsèy SUNY a te mete fen tou nan zafè kenbe relve nòt la. Bidjè Ane Fiskal 2023 Gouvènè Hochul la gen ladan lejislasyon pou mete fen nan pratik sa nan tout enstitisyon edikasyon siperyè yo.

"Etidyan yo travay di pandan tout tan edikasyon yo epi zafè kenbe relve nòt yo an otaj pou peman se yon pratik sovaj ke nou dwe mete fen ladan nan konsèy la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòkè yo ak sila yo ki vini lekòl nan eta nou an p ap ka pwogrese avèk siksè si y ap fè fas ak difikilte finansye ki anpeche yo jwenn aksè ak opòtinite. Mwen felisite CUNY dèske li mete fen nan pratik sa a epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay pou chak etidyan nan New York kapab libere de pratik kenbe relve nòt la".

Desizyon an vini tou nan moman kolèj ak inivèsite yo nan peyi a ap reflechi sou itilizasyon kenbe relve nòt etidyan ak diplome yo kòm yon metòd pou kolekte dèt. Menm si 76 pousan etidyan diplome CUNY yo san dèt, anpil toujou gen difikilte finansye ki mennen nan frè lekòl ak lòt frè ki pa peye. Nan kèk ka, ti balans ki pa peye sa yo reprezante frè aktivite, amann bibliyotèk ak lòt frè pou ensidan. Enkapasite pou jwenn yon relve akademik te anpeche etidyan sa yo resevwa diplòm yo ak antre sou mache travay la oswa kontinye edikasyon yo nan CUNY oswa yon lòt enstitisyon.

Entèdiksyon sou zafè kenbe relve nòt la fè swivi ak anons istorik nan mwa jiyè a pou Pwogram Retou CUNY an, ki [elimine plis pase 100 milyon dola](#) nan frè lekòl ak lòt frè san peye pou plis pase 57,000 etidyan atravè pi gwo inisyativ anilasyon dèt nan peyi a.

Piske inivèsite a te anile dèt plizyè milye etidyan atravè pwogram Retou (Comeback) an epi te sispann pratik pou kenbe relve nòt yo, CUNY te libere relve nòt pou 42,852 etidyan.

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "Aksyon byenveyan sa ranfòse misyon inivèsite a pou asire ekite pou etidyan nou yo ki soti tout kote pandan y ap pouswiv objektif edikatif ak karyè yo. Pèmèt tout etidyan ak diplome CUNY yo verifye diplòm inivèsite yo kèlkeswa sikonstans yo pèmèt yo avanse nan edikasyon yo oswa antre sou mache travay la, konstwi karyè yo pandan y ap ede devlope ekonomi New York la. Manda Gouvènè Hochul pou estandadize pratik sa atravè enstitisyon edikasyon siperyè yo nan Eta New York se yon bagay ki ankouraje nou. Nou remèsye gouvènè a pou lidèchip ak konviksyon li".

City University of New York se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmateur mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen sèt kolèj kominotè, 11 kolèj siperyè ak sèt enstitisyon diplòm avanse oswa pwofesyonèl ki repati nan senk minisipalite New York yo k ap sèvi plis pase 260,000 etidyan nan nivo diplòm ak metriz epi ki bay 55,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite finansye CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome inivèsite yo rete nan New York, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)